

BOSTON COUNTS 2020

Osijè Boston Counts 2020

Boston Counts 2020 se aktivite Vil la ap fè pou sipòte yon kontaj ki ekitab ak konplè pou pwochen Resansman Etazini (U.S. Census) la. Nou pral travay pou asire yo konte chak rezidan nan Boston, paske chak rezidan nan Boston konte.

Kisa Resansman an ye epi poukisa li enpòtan

Resansman an se yon sondaj Konstitisyon an egzije Biwo Resansman Etazini fè nan tout peyi a chak 10zan pou konte popilasyon Etazini. Done Resansman an kolekte:

- **detèmine kantite syèj ki genyen nan Chanm Reprezantan Etazini a** epi li enfluyans Kolèj Elektoral la
- **enfòm refòmasyon distrik yo**, sa ki define distri kongresyonèl yo, distri lejislatif Eta yo ansanm ak distri konsèy administratif lokal yo pou dis (10) pwochen lane ki pral vini yo
- **li oryante plis pase \$675 milya dola nan finansman federal** nan men Eta ak vil yo

Kisa ki Anje?

Pifò nan finansman an ki soti nan Resansman an konte pou ede moun ki pi vilnerab pami nou nan lsosyete. Li pèmèt mete anplas pa egzansp, swen sante, edikasyon, pwogram manje ak nitrisyon, lojman ak swen sante pou fanmi ki pa gen anpil revni.

- Nan Lane Fiskal 2015, Massachusetts te resevwa \$16 milyon dola pou pwogram tankou Medicaid, Medicare, SNAP, Koupon Seksyon 8 yo, Sibvansyon pou Edikasyon Tit 1 ak Head Start
- Pou chak rezidan yo pa konte nan Massachusetts, se \$2,372 dola nou manke jwenn

Resansman an enpakte anpil sèvis nan Boston e nan katye li yo resevwa. Se pousa li vreman nesès pou nou fè yon dekont ki ekitab ak konplè.

Kesyon yo Poze Souvan

Kimoun yo konte?

Yo ta dwe konte tout moun. Kèlkeswa sitiyasyon w ak imigrasyon, degre sekirite lojman ou an, laj, ras oswa konpetans, **tout moun konte menmjan nan demokrasi nou an, epi nou bezwen asire nou Ke yo pa bliye konte w.**

Kikote yo ta dwe konte m?

Kote ou viv ak dòmi anjeneral, nan dat oswa ozalantou Jou Resansman an ki se 1ye avril 2020.

Kijan mwen dwe reponn?

An Mas 2020, ou pral resevwa yon kat postal envitasyon nan men Biwo Resansman an ki bay enstriksyon sou fason pou ranpli fòm la. Pou premye fwa a, ou kapab reponn Resansman an sou Entènèt oswa nan telefòn. Ou kapab ranpli li nan 12 lang diferan.



Mayor Martin J. Walsh

Si w bezwen plis enfòmasyon, al gade nan boston.gov/2020-census oubyen kontakte: Sebastian.Zapata@boston.gov, 617-635-4478

BOSTON COUNTS 2020

Èske yo pral revele enfòmasyon mwen yo?

Non. Lalwa federal pwoteje tout done Resansman an epi okenn ajans leta oswa tribinal pa kapab itilize enfòmasyon pèsònèl ou yo kont ou.

Kisa ki rive sim wen pa fin ranpli tout Resansman an nèt?

Yon fòm Resansman ki pa konplè gendwa fè yo pral voye yon travayè Resansman an deplase vin lakay ou. Tout travayè Resansman an pral gen yon kat idantifikasyon ofisyèl Biwo Resansman an epi yo p ap janm mande w pou nimewo Sosyal sekirite w, nimewo kont labank oubyen enfòmasyon kat kredi.

Kisa yon Difisil pou Konte (Hard to Count Tract) ye?

Popilasyon ki Difisil pou Konte (Hard to Count Populations) yo defini antanke Pist (Trakt) ki gen pousantaj ranvwa kourye lapòs an 2010 ki atenn 73% oswa mwens (nan 20 pousan pi ba pousantaj ranvwa pou tout peyi a). Boston gen pi gwo kantite moun nan Massachusetts k ap viv nan Pist ki Difisil pou Konte (Hard to Count Tracts), (prèske 415,000 oswa 63% moun yo an 2014).

Men kèk nan pami popilasyon ki espesyalman difisil pou konte:

- Moun ki abite nan “lojman angwoup”: dètwa nan kolèj, sant tretman rezidansyèl, mezon retrèt, elatriye.
- Lokatè oswa moun ki deplase souvan
- Imigran ki fèk antre Ozetazini yo
- Popilasyon ki pale enpe oswa ki pa pale Anglè ditou
- Timoun ki gen 5kan oswa mwens
- Moun ki gen revni ki ba oswa ki pa t ale lekòl lontan

Kijan mwen kapab ede?

Patisipe nan yon Sou-komite Dekont Konplè (Complete Count Subcommittee). Sou-komite sa yo itilize konesans nan katye yo, enfliyans ak resous pou edike kominote yo epi pwomouvwa Resansman an grasa aktivite kanpay ki baze lokalman epi ki sible moun katye yo.

Popilasyon ap kontinye chanje epi li vrèman difisil pou konte li. Se pou sa **Boston depann sou tout moun pou yo patisipe epi pou yo konte yo, pou Resansman an kapab reflekte kòrèkteman popilasyon divèsifye ki chwazi vil nou an pou etabli lakay yo.**



Mayor Martin J. Walsh

Si w bezwen plis enfòmasyon, al gade nan boston.gov/2020-census oubyen kontakte: Sebastian.Zapata@boston.gov, 617-635-4478